# THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA

Stranahan High School
Michelle G. Padura, Principal
1800 SW 5th Place
Fort Lauderdale, Fl 33312
(754) 323-2100
http://stranahan.browardschools.com

**The School Board of
Broward County, Florida**

Dr. Rosalind Osgood, Chair
Laurie Rich Levinson, Vice Chair

Lori Alhadeff
Patricia Good
Debra Hixon
Donna P. Korn
Sarah Leonardi
Ann Murray
Nora Rupert

Robert W. Runcie
Superintendent of Schools

Pou Paran/Gadyen:

*State Board of Education* (Komite Edikasyon Leta Florid) te adopte nouvo reglemantasyon pou lekòl-yo bay elėv k'ap fė klas 6 – 12, yon minimòm senkė (5ė) enstriksyon ki trete kesyon sansibilizasyon sou sante mantal ak ėd pou jenn-yo, itilizasyon ak abi dwòg, epitou priz de konsyans sou trafik imen. Chak anne, enstriksyon an ofri nouvo konesans ki apwopriye e adapte selon laj elėv-yo. Enstriksyon an dwe adrese sijė ak kesyon sa-yo:

- Rekonėt siy ak sentòm maladi mantal
- Prevansyon maladi ak pwoblėm mantal
- Ogmante sansibilizasyon sou sante mantal ak ki asistans ki disponib
- Kijan pou diminye estigma ki kreye otou maladi mantal
- Konnen kote pou w jwenn resous, resous nan lekòl zòn-nan ak resous kominotè
- Pwosedi pou swiv nan aksė pou tretman
- Estrateji pou devlope teknik ki va ede w fė fas a yon sitiyasyon
- Estrateji pou ede yon kamarad, zanmi, oswa manm fanmi ki gen yon pwoblėm sante mantal
- Prevansyon swisid, anpeche yon moun tiye tėt li; epi
- Prevansyon abi ak adiksyon alkòl, nikotin, epi dwòg

Nan kad angajman pou edike elėv jodi pou reyisi non mond demen, Lekòl Piblik, *Broward County Public Schools (BCPS)*, ap ofri elėv nou-yo yon kourikoulòm ki fokis sou sante mantal ak sante emosyonnėl. Enstriksyon sa fokis sou devlope yon anviwonnman ki ofri sekirite ak aprantisay estimilan ki va pėmėt elėv-yo epanwi tan nan domenn akademik ak sosyal. Kourikoulòm-la prepare pou ankouraje entėaksyon ant elėv nan diskisyon sijė ki gen enpòtans, prepare pou ofri elėv-yo opòtinite dekri epi konprann emosyon ak konpòtman, epitou bati konfyans pou fė chwa pozitif, ki bon pou lasante.

Diran yon jounen lekòl, elèv-yo ka pran klas kourikoulòm-la. Regleman an pa prevwa okenn egzansyon pou klas-la. Sepandan, tout materyėl edikatif va disponnib sou Canvas; elèv ki absan ka jwenn aksè nan klas-la sou Canvas oswa elėv ka ale sou sit-la pou revwa ki resous ki disponib.

Paran va pwofite de opòtinite sa pou fė konvėsasyon ak pitit-li osijė sante mantal ak sante emosyonnėl. Si ou ta renmen plis enfòmasyon sou sa pitit-ou va aprann nan klas ki gen rapò ak sante mantal, tanpri vizite sit: https://www.browardschools.com/mentalhealthinstruction.

Sensėman,

Michelle Padura, Principal